



Pou Piblikasyon Imedya: 25/09/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO TE RESEVWA PLIS PASE 200 PWOPOZISYON  
POU KONSTWI PWOJÈ ENÈJI RENOUVLAV A GRAN ECHÈL NAN ETA  
NEW YORK**

***Repons yo Montre Gran Enterè Sektè Prive a nan Devlopman ak Investisman nan  
Enèji Renouvlab nan New York***

***Yon Pati nan Premye Faz Inisyativ Avansman Enèji Pwòp Gouvènè a***

***Sipòte Nòm Enèji Pwòp Gouvènè Cuomo a pou Mwatye nan Elektrisite Eta a Sòti  
Nan Sous Renouvlab yo Disi 2030***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te resevwa plis pase 200 pwopozisyon devlopè pwojè enèji pwòp a gran echèl, pou reponn a de apèl d'òf (Requests for proposals, RFP) k ap ajoute kantite enèji renouvlab istorik pou apwovizyonman enèji nan New York. Eta a prevwa investi jiska 1.5 milya dola nan pwojè enèji pwòp atravè de RFP, ke Otorite Rechèch ak Devlopman nan Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak Otorite Elektrisite New York (New York Power Authority, NYPA) jere. Investisman yo ap fè objektif anbisye Gouvènè a avanse pou genyen 50 pousan elektrisite New York ki soti nan sous enèji renouvlab disi 2030.

“New York ap mennen nan peyi nan pwojè avansman enèji pwòp pou sipòte pwomès nou pou fè mwatye nan tout elektrisite soti nan enèji renouvlab disi 2030”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Enèji renouvlab se mwayen fiti a e lè n travay ak sektè prive a, eta sa ap kapitalize sou divèsite ak kreyativite biznis yo, pandan l ap sekirize investisman pou rezilta reyèl pou konbat chanjman klimatik la epi konstwi yon New York ki pi pwòp, ki pi vè pou tout moun.”

Touledede demand yo te livre pwopozisyon ki kreyativ pou itilize teknoloji pwodiksyon enèji renouvlab solè, ewolyèn, idwoelektrik oubyen biyomas a gran echèl pou sipòte Nòm Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) Gouvènè a.

NYSERDA te resevwa 88 pwopozisyon ki soti nan men 30 devlopè enèji pwòp e NYPA te resevwa plis pase 130 pwopozisyon nan men 51 devlopè enèji pwòp nan repons ak apèl d'òf yo. Yon kantite konpayi devlopman te soumèt pwopozisyon pou touledede RFP yo.

“Sou inisyativ enèji pwòp ki premye nan peyi - k ap Vizyon Refòm Enèji ak Nòm Enèji Pwòp la - devlopè enèji pwòp yo ap reponn a apèl pou fè biznis nan Eta New York”, **te deklare Richard Kauffman, Prezidan Energy ak Finance (Energy and Finance) Eta New York la.** “Nou kontan anpil pou wè yon repons pozitif konsa a demand nou an pou pwojè enèji pwòp yo e nou enpasyon pou fè pwojè sa yo tounen yon reyalite, k ap benefisye tout Nouyokè yo ak enèji ki pi pwòp, pi rezistan e ki pi bon mache.”

Demand yo ansanm ap chèche bay 2.5 milyon megawat èdtan elektrisite ki soti nan resous enèji renouvlab, k ap reprezante pi gwo acha enèji pwòp pa yon eta nan istwa Etazini. Antou, pwojè yo soumèt bay NYSERDA yo reprezante plis pase 4 gigawatt kapasite enèji renouvlab, e pwojè yo soumèt bay NYPA yo reprezante plis pase 9 gigawatts nan apwovizyonman enèji renouvlab pou eta a. Gwo repons sa bay toulede ajans yo opòtinite pou chwazi epi achte pwopozisyon ki pi bon e ki pi rantab yo pou reponn a objektif Nòm Enèji Pwòp la.

Dat limit pwopozisyon final NYSERDA yo se 28 Septanm, e chwa konpetisyon ak pri yo prevwa pou Novanm. NYPA te resevwa anpil pwopozisyon ki antre nan yon estrikti finansman ki inovan yo rele akò acha enèji pre-peye, ki fèt pou diminye depans finansman an - ak depans kliyan yo - pou pwojè enèji renouvlab yo. NYPA prevwa fini kontra yo ak devlopè ki genyen yo nan premye mwatye 2018 la.

Alafwa solisitasyon NYSERDA ak NYPA yo pral mennen a kreyasyon plizyè milye pòs travay dirèk ak endirèk soti depi nan devlopman, konstwiksyon ak operasyon nan pwojè enèji pwòp yo rive 2022.

“Gwoup òf etablisman ki kalifye yo reprezante yon liy pwojè enèji renouvla ki ta ka pwodwi plis pase 9.5 milyon megawatt èdtan pa ane, plis pase sis fwa kantite y ap chèche nan apèl dòf la”, **Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare.** “Li enteresan pou wè gwo enterè sa ke devlopè yo genyen nan New York, e nou espere ke nivo konpetisyon sa ap mennen pri ki trè atreyan lè òf yo antre.”

“Nou kontan ak kalib pwopozisyon nou resevwa yo e nou konfyan ke gen nouvo pwojè enèji pwòp ki pral antreprann pou ede atenn objektif enèji pwòp agresif Gouvènè Cuomo yo”, **Gil C. Quinones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA yo, te deklare.** “Plan nou se fè yon investisman ki enpòtan nan enèji renouvlab ak konsomatè nou yo e lè nou fè sa, n ap franchi yon gran etap pou rive nan yon tranzisyon a enèji pwòp epi redwi enpak kabòn New York.”

**Senatè Joseph Griffo, Prezidan Komite Enèji Sena (Senate Energy Committee), te deklare,** “Li bon pou n wè tout devlopè potansyèl sa yo enterese pou ede eta a nan sa ki gen pou wè ak enèji renouvlab. Konsomatè k ap peye pou elektrisite yo se moun k ap benefisye de pwodiksyon enèji ki soti nan kantite sous ki posib. Pandan eta nou an genyen yon apwovizyonman ki divèsifye, nou dwe asire ke apwovizyonmen sa gen bon antretyen pandan n ap chèche fason tou pou ogmante pwodiksyon enèji renouvlab nou an. Men nou dwe asire ke sa fèt nan yon pri ki rezonab pou kontribyab yo.”

**Amy Paulin, ki se Manm Asanble, Prezidan Komite Asanble sou Enèji nan (Assembly Energy Committee), te deklare,** “Mwen ankouraje pa repons pozitif pou pwojè enèji renouvlab a gran echèl la, e pa kreyativite ak inovasyon anpil nan pwopozisyon yo. Kalite pwojè a gran echèl sa yo enpòtan anpil pou atenn objektif enèji renouvlab Eta nou an. Enterè solid la demontre ke sektè prive a prè pou investi nan konstriksyon pwojè sa yo nan New York.”

Anons jodi a kowenside ak Semèn Klima Vil NY la (NYC Climate Week). Vizite paj entènèt NYSERDA a pou plis enfòmasyon sou [apèl dòf](#) NYSERDA a epi vizite sit entènèt [acha NYPA](#) pou plis enfòmasyon sou RFP li a.

Repons solid ki soti nan men konpayi enèji pwòp a gran echèl yo sipòte premye faz inisyativ Avansman Enèji Pwòp (Clean Climate Careers Initiative) Gouvènè a. Gouvènè Cuomo [te anonse](#) yon investisman san presede jiska 1.5 milya dola nan gwo pwojè enèji renouvlab nan mwa jwen, ki genyen ladan l enèji ewolyèn ak enèji solè, epi devlope enstalasyon enèji efikas ak enèji solè nan fason ki enpòtan nan imèb piblik yo. Nan patenarya ak Worker Institute nan Cornell University ki nan ILR School ak Climate Jobs NY, inisyativ sa konsantre sou akselere efikasite enèjetik ak kwasans enèji renouvlab pou fè New York vin yon leman pou nouvel teknoloji enèji yo, pandan l ap ede kreye 40,000 nouvo djòb, byen peye nan enèji pwòp ki disi 2020.

### **Konsènan Vizyon Refòm Enèji a**

Vizyon Refòm Enèji (Reforming the Energy Vision, REV) a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi jenere 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te atire prèske 800 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, sa ki te pèmèt 105,000 fanmi ki pa touche anpil lajan yo pou yo bese definitivman pri fakti elektrisite yo gras a efikasite enèjetik, epi li te kreye dè milye pòs travay nan manifakti, enjenyeri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire Eta New York ap redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan apati lane 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou fè rediksyon degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan apati lane 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon, tanpri vizite sitwèb [www.ny.gov/REV4NY](http://www.ny.gov/REV4NY) epi swiv nou nan [@Rev4NY](https://twitter.com/Rev4NY).

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418